## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
14.03.2000-ж. №35/II

# ТУРИЗМ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегиге муўапық өзгерислер киргизилген:
18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Нызамның мақсети**

Нызамның мақсети туризм тараўындағы мүнәсибетлерди ҳуқықый жақтан тәртиплестириў, туристлик хызметлер базарын раўажландырыў, сондай-ақ туристлер ҳәм туристлик жумыс субъектлериниң ҳуқықлары менен мәплерин нызамлы түрде қорғаўдан ибарат.

**2-статья. Туризм ҳаққындағы нызам актлери**

Қарақалпақстан Республикасының туризм ҳаққындағы нызам актлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Егер, Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының туризм ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғаннан басқаша қәделер белгиленген болса, халықаралық шәртнама режелери қолланылады.

**3-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**туризм -** физикалық тәрептиң турақлы жасаў орнынан саламатландырыў, ағартыўшылық, кәсиплик тәжирийбе яки басқа мақсетлерди барған жеринде (мәмлекетте) ҳақы төленетуғын жумыс пенен шуғылланбаған рәўиште узағы менен бир жылдан аспаған мүддетке сапарға (саяхатқа) шығыўы;

**турист -** Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағын бойлап ямаса басқа мәмлекетке саяхат етиўши (турақлы жасаў орнынан туризм мақсетинде сапарға кеткен) физикалық шахс; *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**туристлик жумыс -** усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлери талапларына муўапық саяхатларды ҳәм олар менен байланыслы хызметлерди шөлкемлестириў барысындағы жумыс;

**экскурсия жумысы -** туристлик жумыстың тарийхый естеликлер, дыққатқа ылайық орынлар ҳәм басқа да объектлер менен таныстырыў мақсетинде алдын-ала дүзилген бағдарлар бойынша экскурсия жетекшисиниң жолдаслығындағы ғң сааттан аспайтуғын экскурсияларды шөлкемлестириўге тийисли бөлеги;

**туристлик ресурслар -** тийисли аймақтың тәбийий-ықлым, саламатландырыў, тарийхый-мәдений, ағартыўшылық ҳәм социаллық-турмыс объектлери жыйындысы;



**туристлик жумыс субъектлери -** белгиленген тәртипте дизимге алынған ҳәм туристлик хызметлер көрсетиў менен байланыслы болған жумысларды әмелге асырыў ушын лицензиясы болған кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер;

**туристлик индустрия -** туристлик жумыстың туристлерге хызмет көрсетиўди тәмийинлеўши түрли субъектлери (мийманханалар, туристлик комплекслер, кемпинглер, мотельлер, пансионатлар, улыўма аўқатланыў, транспорт кәрханалары, мәденият, спорт мәкемелери ҳәм басқалар) жыйындысы;

**тур -** арнаўлы бағдар бойынша туристлик хызметлер жыйындысы (орын бәнтлеў, орналастырыў, аўқатландырыў, транспорт, рекреация, экскурсия хызметлери ҳәм басқа да хызметлер) менен тәмийинленген анық мүддетлердеги туристлик саяхат;

**туристлик хызметлер -** туристлик жумыс субъектлериниң орналастырыў, аўқатландырыў, транспорт, мәлимлеме-реклама хызметлерин көрсетиў барысындағы, сондай-ақ туристлердиң талапларын қандырыўға қаратылған басқа хызметлери;

**туристлик топар баслығы -** туристлик жумыс субъектиниң ўәкили болған ҳәм оның атынан ҳәрекет етип, туристлер менен бирге жүриўши, туристлик хызметлер көрсетиў шәртнамасы талапларының орынланыўын тәмийинлеўши физикалық шахс; *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**гид** (экскурсия жетекшиси) - тур қатнасыўшыларына туристлик хызметлер шәртнамасы шеклеринде экскурсия-мәлимлеме, шөлкемлестириў хызметлерин ҳәм қәнигели жәрдем көрсетиўши физикалық шахс; *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**туристлик жумысты әмелге асырыў ушын лицензия -** туристлик жумысты әмелге асырыўға болған ҳуқықты тастыйықлаўшы арнаўлы рухсатнама;

**сертификат -** туристлик хызметлер сапасын ҳәм олардың арнаўлы стандартқа ямаса басқа нормативлик ҳүжжетке муўапықлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет.

**4-статья. Туризм тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары**

Туризм тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат:

туризм ҳәм туристлик индустрияны раўажландырыў;

пухаралардың саяхат етиў ўақтындағы дем алыў, еркин ҳәрекет етиў ҳәм басқа да ҳуқықларын тәмийинлеў;

туристлик ресурслардан ақылға уғрас пайдаланыў ҳәм оларды сақлаў;

туризм тараўындағы нормативлик базаны жетилистириў;

балалар, жаслар, майыплар ҳәм халықтың кем тәмийинленген қатламлары туризми (экскурсиялары) ушын шараят жаратыў;

туристлик индустрияны раўажландырыў ушын инвестициялар тартыў;

исбилерменлик жумысы субъектлери ушын туристлик хызметлер базарында тең имканиятлар жаратыў;

туристлердиң қәўипсизлигин, олардың ҳуқықлары, нызамлы мәплери менен мүлкиниң қорғалыўын тәмийинлеў, туризм тараўының илимий тәмийинлениўин шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў;

кадрларды таярлаў, қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин көтериў;

сырт мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлер менен бирге ислеўди раўажландырыў.

**5-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң туризм тараўындағы ўәкилликлери**

Туризм тараўында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

туризмди раўажландырыўдың мәмлекетлик бағдарламасын тастыйықлайды;

туристлердиң барыўы қадаған етилген объектлерди ҳәм аймақларды белгилейди;

туристлердиң айырым топарларына жеңилликлер бериў тәртибин белгилейди;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да мәселелерди шешеди.

**6-статья. Ўәкилликли мәмлекетлик уйымның туризм тараўындағы ўәкилликлери**

Туризм тараўында ўәкилликли мәмлекетлик уйым:

туризмди раўажландырыўдың мәмлекетлик бағдарламасының әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

туристлик хызметлер инфраструктурасын қәлиплестиреди;

тарийхый-мәдений мийрасты нәсиятлаўды, туристлик потенциалды сақлаў ҳәм раўажландырыўды шөлкемлестиреди;

Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларының орынланыўын тәмийинлейди;

туристлик жумыс субъектлерине олардың жумысын шөлкемлестириў менен байланыслы мәселелерде методикалық ҳәм басқа жәрдем көрсетеди;

нызам актлерине муўапық басқа да мәселелерди шешеди.

**7-статья. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының туризм тараўындағы ўәкилликлери**

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары туризм тараўында туризмди раўажландырыўдың регионаллық бағдарларын ислеп шығады және әмелге асырады ҳәм нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да мәселелерди шешеди.

**8-статья. Туристлик жумысты лицензиялаў**

Туристлик жумыс лицензия тийкарында әмелге асырылады.

Туристлик жумысты лицензиялаў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.



**9-статья. Туристлик жумысты қаржыландырыў дәреклери**

Туристлик жумыс:

туристлик жумыс субъектлериниң өз қаржылары;

юридикалық ҳәм физикалық шахслардың ақшалай төлеўлеринен; *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

заём қаржылары (облигация заёмлары ҳәм басқа да заёмлар, банк кредитлери ҳәм басқа да кредитлер);

сырт ел инвесторлары;

нызам актлеринде қадаған етилмеген басқа да қаржылар есабынан әмелге асырылады.

**10-статья. Туристлик хызметлерди сертификатластырыў**

Туристлик хызметлер мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт. Туристлик хызметлерди сертификатластырыў ҳәм сертификат бериў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Туристлик жумыс субъектиниң туристлик хызметлерди мәжбүрий сертификатластырыўдан бас тартыўы, туристлик хызметлерди сертификатластырыў нәтийжеси унамсыз болса, сондай-ақ сертификаттың ҳәрекет етиўин бийкарлаў туристлик жумысты әмелге асырыў ушын берилген лицензияның ҳәрекет етиўин тоқтатып қойыўға ямаса лицензиядан айырыўға себеп болады.

**11-статья. Туристлик саяхат ҳәм туристлик хызметлер комплекси**

Туристлик саяхат жеке тәртипте ямаса туристлер топары қурамында әмелге асырылады.

Туристлик хызметлер комплекси транспорт хызметин көрсетиўди, жасаў, аўқатландырыў, экскурсия хызметин көрсетиў, мәдений, спорт бағдарламаларын шөлкемлестириў ҳәм басқа хызметлерди өз ишине алады.

**12-статья. Туристлик хызметлерди көрсетиў шәртнамасы**

Туристлик хызметлер шәртнама тийкарында көрсетиледи.

Шәртнама көрсетилетуғын хызметлердиң көлеми ҳәм сапасын, тәреплердиң ҳуқықлары менен миннетлемелерин, ҳақы төлеў ҳәм есапласыўлар тәртибин, шәртнаманың ҳәрекет етиў мүддетин ҳәм оны орынламағаны ушын жуўапкершиликти, сондай-ақ тәреплердиң келисим бойынша басқа да шәртлерди белгилейди. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**13-статья. Туристлик жоллама (ваучер)**

**Туристлик жоллама (ваучер)** - туристтиң ямаса туристлер топарының тур қурамына кириўши туристлик хызметлерге болған ҳуқықты белгилеўши ҳәм бундай хызметлер көрсетилгенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжет.

Туристлик жолламаның (ваучердиң) түри туризм тараўындағы ўәкилликли мәмлекетлик уйым тәрепинен тастыйықланады.

**14-статья. Туристтиң ҳуқықлары**

Турист:

шәртнамада нәзерде тутылған туристлик хызметлер комплексинен толық пайдаланыўы;

саяхатқа байланыслы толық ҳәм исенимли мәлимлеме алыў;

жеке қәўипсизлик, өз ҳуқықларының қорғалыўы, сондай-ақ өз мүлкиниң сақланыўы;

тез медициналық жәрдем алыў;

шәтнама орынланған ямаса тийисли дәрежеде орынланбаған жағдайда материаллық зәлелдиң төлениўи, сондай-ақ руўхый зыянның орны өтелиўи;

егер турдың улыўма баҳасының артыўы оның шәртлесилген баҳасынан асып кетсе, сондай-ақ форс-мажор жағдайлары (жеңиў мүмкин болмаған айрықша жағдайлар) жүз бергенде туристлик жумыс субъектине келтирилген зәлелдиң орнын өтеместен шәртнаманы бийкарлаў ҳуқықына ийе.

Турист нызам актлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болады.

**15-статья. Туристтиң миннетлери**

Турист:

шәртнама шәртлерине;

бажыхана ҳәм шегара қадағалаўы қәделерине;

барылған мәмлекеттиң нызам актлери талапларына бойсыныўы шәрт.

Турист нызам актлерине муўапық басқа миннетлерге де ийе болады.

**16-статья. Туристлик жумыс субъектиниң ҳуқықлары**

Туристлик жумыс субъекти Қарақалпақстан Республикасы аймағында туристлерге хызметлер көрсетиў ўақтында:

турдың мүддети ҳәм бағдарын, хызмет көрсетиў дәрежесин, транспорт хызметин көрсетиў түрин, туристтиң қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәм оның мүлкин қорықлаў усылын туристтиң келисими җәне қәлеўи менен ғана өзгертиў;

турист пенен келисилген ҳалда ҳәм бул ҳаққында тур баслныўдан кеминде жигирма күн бурын туристти хабардар етиў шәрти менен турдың шәртлесилген баҳасын көтериў;

хызметлер көрсетиў мүмкин болмаған форс-мажор жағдайлары жүз бергенде, сондай-ақ топарды дүзиў ушын зәрүр муғдарда туристлер жыйналмаған жағдайда туристлерди бул ҳаққында тур басланбастан кеминде жигирма күн алдын хабардар еткен ҳалда туристлик хызметлер көрсетиў шәртнамасын бийкарлаў;

туристлер яки туристлерге хызмет көрсетиўди шөлкемлестириў бойынша шериклер тәрепинен келтирилген зәлелдиң орнының қапланыўын нызам актлеринде белгиленген тәртипте талап етиў ҳуқықына ийе.



Туристлик жумыс субъекти нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болады.

**17-статья. Туристлик жумыс субъектиниң миннетлери**

Туристлик жумыс субъекти:

туристлерге шәртнамада шәртлесилген хызметлерди көрсетиўи;

туристлик хызметлер көрсетилген ямаса толық көлемде ямаса тийисли дәрежеде сапалы көрсетилмеген жағдайда туристлерге келтирилген зәлелдиң орнын қаплаўы;

туристлерге турды шөлкемлестириў, олардың ҳуқықлары ҳәм миннетлемелери ҳаққында толық мәлимлеме бериў;

туристлик ресурслар, көрсетилетуғын объектлердиң (тарийхый-архитектуралық естеликлер, тәбият объектлери ҳәм басқалардың) сақланыўына көмеклесиўи;

туристлердиң барылған орынның (мәмлекеттиң) нызам актлерине бойсыныўы үстинен қадағалаўды әмелге асырыўы шәрт.

Туристлик жумыс субъекти нызам актлерине муўапық басқа да миннетлемелерге ийе болады.

**18-статья. Туристлердиң қәўипсизлиги кепиллиги**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында туристлердиң қәўипсизлиги мәмлекет тәрепинен кепилленеди.

Туризм тараўындағы ўәкилликли мәмлекетлик уйым тийисли ўәзирликлер ҳәм мәкемелер менен биргеликте туристлердиң қорғалыўын ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў бағдарламасын ислеп шығада ҳәм оның орынланыўын шөлкемлестиреди.

Жергиликли мәмлекетлик уйымлары туризм тараўында барлық туристлик бағдарлар бойынша туристлердиң қорғалыўы җәне қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң регионаллық бағдарламаларын ислеп шығады ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлейди.

Туристлик жумыс субъектлери туристлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў, олар жарақатланғанда, кеселленгенде ҳәм басқа да жағдайларда медициналық ҳәм басқа да жәрдем көрсетиў бойынша анық илажлар ислеп шығады.

**19-статья. Туристлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў илажлары**

Туристлик жумыс субъектлери туристлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде:

туристлердиң сапарда қәўип-қәтерден аман болыўы ушын шараятты, сапар, сейил, экскурсия жоллары, жарыслар өткерилетуғын орынлардың абаданластырылыўын тәмийинлеўи;

туристлерге жарақатланыў ҳәм бахытсыз ҳәдийселерден сақланыўы җәне олардың алдын алыў усылларын үйретиўи, дәслепки медициналық жәрдем көрсетиў бойынша жол-жоба бериўи, сондай-ақ белгиленген бағдардың

өзгешелиги ҳәм туристлердиң унамсыз ҳәрекетине байланыслы жүзеге келиўи мүмкин болған қәўип дәреклери ҳаққында оларды хабарландырыўы;

туристлердиң саяхатлар, сапарлар, жарыслар, басқа да туристлик илажларға таярлығы үстинен қадағалаўды әмелге асырыўы;

апатшылыққа ушыраған туристлерге тез жәрдем көрсетиў;

автомобиль, таў, шыңға, велосипед, суў, мотоцикл, пияда сапар, спелео (үңгир) туризми жәнe туризмниң басқа да арнаўлы түрлерин шөлкемлестириў ҳәм өткериўде қәўипсизликтиң айрықша талапларын ислеп шығыўы ҳәм әмелге асырыўы шәрт.

Туристлик саяхатларды туристлер қәрежет етиўиниң актив түрлеринен пайдаланған рәўиште шөлкемлестириўге арналған туристлик жумыс субъектлери туристлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў, экстремал жағдайларда оларға жәрдем көрсетиў ҳәм оларды қорғаў мақсетинде хызмет көрсетиўди нәзерде тутқан ҳалда излеў-қутқарыў хызметлери менен шәртнамалар дүзеди. Излеў-қутқарыў хызметлери нызам актлеринде белгиленген тәртипте дүзиледи.

**20-статья. Туристлерди қамсызландырыў**

Туристлерди қамсызландырыў мәжбүрий болып табыладыҳәм ол туристлик жумыс субъектлери тәрепинен қамсызландырыў жумысын алып барыў ҳуқықына ийе болған тийисли қамсызландырыў шөлкемлери менен дүзилетуғын келисимлер тийкарында әмелге асырылады.

**21-статья. Даўларды шешиў**

Туризм тараўында пайда болатуғын даўлар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**22-статья. Туризм ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Туризм ҳаққындағы нызам актлериниң бузылыўында айыпкер адамлар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.